Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 12 (6848) 27 март 2023 с. Итни Рамазан 1444 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялъул, Расул ХIамзатов гьавуралдаса гIасру иналъул тадбиразде хIадурлъи

### Сахлъи цIуниялъул, ЖКХялъул, лъайкьеялъул суалалги рорхана

**Бакълъулазул мухъалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда араб анкьалъ администрациялда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 78 сон, Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон иналъул хIурматалда тадбирал тIоритIиялъул суалал рорхараб дандельи. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**



Районалъул нухмалъулес баян гьабуна Россиялда 2023-абилеб соналъ жигарго тIоритIулел рукIин фашизмалда тIад бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялда ва Расул ХIамзатов гьавуралдаса гIасру иналда хурхун тадбирал. «Бакълъулаз къиматаб бутIа лъуна гитлерилаб фашизмалда тIад бергьенлъи босиялъулъ. ТIолабго Европа щущахъ биххизабизе къасдгун рачIарал, чIаго гIадамал рухIулел, вахIщиял гитлерилаздаса нилъерго ракь гуребги, цогидал пачалихъалги цIунизе рахъана бахIарчиял рагъухъаби.

Бакълъул мухъалдаса 1380 рагъухъанас гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВтIанияб рагъда. 866-яв тIадвуссинчIо. Нилъеца кидаго къиматаб даражаялда тIобитIула 9 Май. Исанаги районалда байрам тIобитIизе ккола къиматалда. Жакъаялдасаго муниципалитеталъул идараби хIадурлъизе ккола тадбирал гIуцIиялде. КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул хIурматалда рарал памятникалги къачIан лъугIизе ккола»,– ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Районалъул бетIерас гьединго тIадкъаял кьуна Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда кIудияб фестиваль гIуцIиялда хурхунги. Тадбир тIобитIизе ракIалда буго Игьали росдал ГIанчида абураб бакIалда, 1973-абилеб соналъ гьениб тIобитIун букIана Расул ХIамзатов ва «ХъахIал къункъраби» кечIалъул композитор Ян Френкел гIахьаллъараб кочIол байрам.



Дандеруссиналда гьединго халгьабуна сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул, росдал магIишат цебетIеялъул, гьоркьоса къотIичIого лъим чIезабиялъул, ЖКХялъул суалалги. Хасал тIадкъаял кьуна полиомиелиталде данде вакцинация гьабиялъул хIасилал лъикIлъизариялда, федералиял ва республикаялъулал проектал районалда нухда инариялъул хIасилал лъикIлъизариялда, СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамазе кумек гьабиялда тIасан.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Терроризмалдаса гIолилал цIуни

### АТКялъул заседание тIобитIана

**Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда администрациялда тIобитIана АТКялъул заседание. Дандеруссиналда гIахьаллъи гьабуна терроризмалда дандечIеялъул комиссиялъул гIахьалчагIаз, районалъул имам ГIабдурашид ХIажиевас ва цогидаз.**



АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидовас заседаниялъул гIахьалчагIазе бицана терроризмалда дандечIеялъул рахъал церетIезе мурадалда тIуразе хIажатал суалазул. Гьединго кIалъазе рахъана бакълъулазул маданиятальул управлениялъул ва библиотекаялъул рахъалъ хъулухъ гьабиялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, лъайкьеялъул идараялъул махщалилав ГIабдула МухIамадов. Гьез бицана терроризм, экстремизм районалда тIибитIичIого букIинелъун гьарурал данделъабазул, гIуцIарал тадбиразул ва гь. ц.

Заседаниялъул хIасилалда рорхарал суалазда тIасан рекъон кколел хIукмабиги гьаруна. Гъалип Гъалиповас хитIаб гьабуна муниципалитеталда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъазде жеги цIикIкIун кIвар кьеян.

**Макка МухIамадова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Мун, зодоб цIва гIадин, вацIцIад хутIана

- 2 - гьум.



РакIбацIцIадаб захIматалъухъ – шапакъатал

- 2 гьум.



Асият ХIасанхIажиева: «Бергьенлъигун тIадруссаги нилъер бахIарзал»

- 4 гьум.




ЦIиликьа АхIмад МухIамадов ракIалде щвезавуна

- 4 гьум.

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

# Мун, зодоб цӀва гӀадин, вацӀцӀад хутӀана

**Кинабго гӀагарлъиялда, гьудул-гьалмагъзабазда, росдал жамагӀаталда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигараги балаго, бокьун буго МухӀамад АхӀмадовасул хӀакъалъулъ дирго пикру загьир гьабизе. Лъала, диего гӀадин,захӀматго букӀин киназего. Камуна авар миллаталъе ва тӀолабго Дагъистаналъе къуватав ригӀул устар,гьайбатаб гӀамалалъул гӀадатияв вас. БитӀун тӀогьол гӀужалъ тӀерхьана гвангъараб шигӀруялъул цӀва, нахъе хутӀана гьесул хвел гьечӀел асарал.**



МухӀамад вукӀана Бакълъул районалъул хӀурматияв гражданин. Дие гьев цӀакъго гӀагарлъана, дирго творческияб данделъиялда гьев районалъул хӀурматияв гражданинлъун вахъиналъги.

Ниж гьелдаса хадур лъугьана цӀикӀкӀараб гьудуллъиялъул ва гьоркьоблъиялъул гьалмагъзабилъун. Кьокьго абуни, дир гьитӀинаб творчествоялда рухӀ лъезабуна ГӀабасил МахӀамадица ва АхӀмадовас. Гьез гьабуна редакторлъиги хъвана цебегӀиги дир гӀемерисел тӀахьазе. Гьел дида ратана гӀадатиял, амма унго-унголъунги гьунар тӀокӀал магӀарулал. Хадуб МухӀамадил хъизаналъулги дир хъизаналъулги лъугьана лъикӀаб гьоркьоблъи.

Хасаб рокьиялъ бокьулаан АхӀмадовасе бакълъулазул ракь, Инхоса ГӀали-хӀажил ватӀан,гьезул гӀадамал. Гьес хъвана Инхоса ГӀали-хӀажиясул хӀакъалъулъ «ГӀакълудал ралъад» абураб тӀехь. КӀудияб бухьеналда вукӀана гьев Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахӀмад АхӀмадовгунги. Гьев вукӀана нилъее баракат щваяв ЧӀикӀаса СагӀид-афандил (къ.с.) кӀудияб божилъиялъул чи.

Бераз магӀу кколароан гьесул гьев устарасул бицунелъулги, жинцаго гьесде гьарурал назмаби цӀалулелъулги. СагӀид-Афандиясе(къ.с.) къадар ккун хадуб, гьев вуссана АхӀмад-хӀажи устарасде. Гьединаб бацӀцӀадаб исламияб нухда вукӀана кӀудияв шагӀир къадар тӀаде щвезегӀан.

Мунагьал чураяв МухӀамадица борхана паризаяб хӀеж. Руго гьесул гӀемерал асарал ГӀарафаталде ва хӀежалде гьарурал КӀудияв гьунар букӀана МухӀамадил гӀадатго хутӀизе ва гӀадатиял гӀадамазулгун гьудуллъи гьабизе. ШагӀирзабиги цогидал гӀисинал-чӀахӀиял чагӀиги унаан гьесухъе божарав гьудуласухъе гӀадин. Гьесда батулаан щивасе кьезе гӀакълу.

МухӀамад вукӀана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гӀуцӀцӀиялъул нухмалъулев ва Россиялъул Хъвадарухъабазул гӀуцӀцӀиялъул секретарлъун. Хъвадарухъабазул кьокьабигун гьев унаан къватӀисел хӀукуматаздеги.

Гьесул тӀахьал, асарал руссинарун руго чанго батӀиял пачалихъазул мацӀазде.

Ахирисел кьоязде щвезегӀан борхатго ккуна гьес Расул ХӀамзатовас жинде гьабураб васият ва божильи. ХӀакъикъаталдаги, МухӀамад вукӀана Расулил яхӀ ирсилав. Нилъецаги яхӀ бахъила АхӀмадовасул ирс борхатго цӀунизе.

Алжан насиб гьабун батаги дуе, дир лъикӀав гьудул. Амин!

# Дагъистаналъул халкъияв шагӀир МухӀамад АхӀмадовасе къадар щведал



Щвараб гӀор гӀадинан
ВачӀунаан мун,
МагӀарухъе дурго
Гьудулзабахъе.

Гьабулаан свери
Сарин рикӀкӀунеб,
Сверун дуда лъугьун
РукӀунаан ниж.

РакӀ-ракӀалъ рокьулел
Гьудулзабигун,
Бикьулаан ургъел,
Кьолаан гӀакълу.

ГӀадатияв дуе
БукӀинчӀо чӀухӀи,
ЧӀухӀи букӀана дур,
Миллатги мацӀги.

ГӀагараб халкъалъул
Дагъистаналъул,
Дуе букӀунаан
КӀудияб ургъел.

ГӀузраби гӀемераб
Гьаб гӀумруялъулъ,
ГӀемераб кьор гьуна
Хиянаталъ дуй.

Хиянанлъиялъе
НагӀана кьолев,
КьучӀаб рагӀул устар
ВукӀана гьудул.

Камуна мун гьанже
Дагъистаналъе,
Улкаго чухӀарав
ЧӀухӀи гьечӀев вас.

ГӀодила хутӀана
Дур поэзия,
Гьудуллъи-гьалмагълъи
Хасго-гӀагарлъи.

Дова-Россиялъул
Тахшагьаралда,
Тахида шагь гӀадав,
Чи вукӀана мун.

Сас гьечӀого унеб
Гамил гӀадинаб,
Гучаб рагӀул устар
ВукӀана шагӀир.

Щибилеб, дир гьудул,
Гьонодаса вас,
ГьечӀо тӀокӀалъ нилъей
ШагӀир АхӀмадов.

Кьиже, рекӀел гьудул,
РакӀ гӀодой биччан,
РекӀелъа инаро
Мун гьаб халкъалда.

Хун гьечӀо АхӀмадов
ГӀадатияв вас,
ГӀасрабаз,наслабаз
АхӀила дур кечӀ!

**ГӀиса Шарапудинов,
ДРялъул мустахӀикъав
мугӀалим, шагӀир**

БАРКИ

# Баркула хирияб Рамазан моцӀ!

**ХӀурматиял районцоял, хирияв диналъул вацал ва яцал! Баркула нужеда хирияв моцӀазул бищун хирияб Рамазан моцӀ. Гьеб буго бусурбаби цолъиялъул, гьункиялъул, гьудуллъи-**




**вацлъи щула гьабиялъул, рахӀму-цӀобалъул баракатаб моцӀ. Районалъул гӀадамазе битӀараб, хӀакъикъияб исламалъул кьучӀалда тарбия кьеялъулъ, щивав чиясулъ лъикӀал рахъал куцаялъулъ мустахӀикъаб бутӀа лъолеб буго нилъер диниял хӀаракатчагӀаз, росабазул мажгитазул имамзабаз.**

Аллагьас тавпикъ кьеги киназего квешлъабаздаса рикӀкӀалъун, лъикӀаб гӀамалалдалъун хирияб Рамазан моцӀ тӀадегӀанаб даражаялда нухда регӀизе. Гьаб хирияб моцӀ халкъалъул ракӀалги пикрабиги рацӀцӀалъулеблъун, баракатгун бачӀараблъун, нилъер гьабураб гӀамал къабуллъулеблъун, мунагьал чурулеблъун, квешаб гӀамал тезе гӀадамал кантӀулеблъун батаги. Амин.

**ГъалипГъалипов,
«Гумбет район»
муниципалияб
районалъул бетӀер**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# РакӀбацӀцӀадаб захӀматалъухъ – шапакъатал

## Республикаялъулаб форумалда кӀодо гьаруна бакълъулазул женсоветалъул гӀахьалчагӀи

**Дагъистаналъул тахшагьаралда магӀарулазул шагӀир Расул ХӀамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хӀурматалда руччабазул форум тӀобитӀана. Тадбир гӀуцӀун букӀана Дагъистаналъул руччабазул гӀуцӀиялъ ДРялъул Миннацалъул кумекалдалъун. Форумалда гӀахьаллъи гьабуна республикаялъул тӀалъиялъул, жамгӀиял идарабазул вакилзабаз, спецоперациялъул гӀахьалчагӀазул улбуз ва цогидаз.**



Бакълъулазул район тадбиралда бихьизабуна муниципалитеталъул руччабазул гӀуцӀиялъул гӀахьалчагӀаз. ХӀалтӀулъ рихьизарурал лъикӀал хӀасилазухъ, Дагъистаналъул бетӀерасул цӀар тӀад хъвараб сагӀат кьун, кӀодо гьаюна бакълъулазул руччабазул гӀуцӀиялъул нухмалъулей Загьра ГӀабдулаева. Гьелъул заместитель ГӀазра Исубилаева мустахӀикъалъана Баркалаялъул кагътие.

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баркана руччабазул гӀуцӀиялъул вакилзабазда шапакъатал щвей. «Районалъул руччабазул гӀуцӀиялъ рихьизарулел руго сундулъго лъикӀал хӀасилал. СВОялъул гӀахьалчагӀазе кумек гьабиялъулъги кьиматаб бутӀа лъуна гьез. Гьарула сундулъго икьбал»,– ян абуна Гъалиповас.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Мехельтинский”»

## Решение

**от 20 марта 2023 г. №1 с. Мехельта**

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2022 год»**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Мехельтинский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2022 год Собрание депутатов:**

**Решает:**

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Мехельтинский”» Гумбетовского района за 2022 год:

- по доходам в сумме 10360747 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 12129800 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению, (источником финансирования дефицита бюджета 2022 года является остаток бюджетных средств 01.01.2022г -2834368 тыс. руб.)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А. Х. Рурухмаева.**

# Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2022 год

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Мехельтинский”»**
**от 20 марта 2023 г. № 1**

**(тыс. руб.)**

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2022 год | Фактически исполнено за 2022год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1059,0 | 838,9 | 79,2 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 79,0 | 116,7 | 147,7 |
| Единый сельскохозяйственный налог | 18210503010011000110 | 39,0 | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 500,0 | 566,6 | 113,3 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 79,0 | 61,8 | 78,2 |
| Неналоговые доходы | 18210904053101000110 | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 1756,0 | 1584,7 | 90,2 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 5476,0 | 5477,0 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000150 | 5476,0 | 5477,0 | 100,0 |
| Субсидии в том числе | | 3001,6 | 3001,6 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 2663,6 | 2663,6 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в том числе средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000150 | 338,0 | 338,0 | 100,0 |
| субсидия | 00120215009100000150 | | | |
| Субвенции | | 298,1 | 298,1 | 100,0 |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 298,1 | 298,1 | 100,0 |
| | | 0,0 | 0,0 | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **10531,7** | **10360,7** | **98,4** |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Мехельтинский”» за 2022 год**
**от 20 марта 2023 г. №1**

# Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2022 год

**(тыс. руб.)**

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2022год | Кассовые выплаты за 2022 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **12394,2** | **12129,8** | **97,9** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 3090,0 | 2813,1 | 91,0 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 3090,0 | 2813,1 | 91,0 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 298,1 | 298,1 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 298,1 | 298,1 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 800,0 | 888,4 | 111,1 |
| Дорожный фонд (возврат) | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 800,0 | 888,4 | 111,1 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 6167,9 | 6167,9 | 100,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 6167,9 | 6167,9 | 100,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 1555,9 | 1555,9 | 100,0 |
| Культурно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 1555,9 | 1555,9 | 100,0 |
| Социальная политика | 001 | 10 | 00 | | 83,0 | 82,1 | 98,9 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 83,0 | 82,1 | 98,9 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 324,3 | 324,3 | 100,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 75,0 | 0,0 | 0,0 |

РИТМ ГУМБЕТА

# Об универсальной выплате и не только

**Кто имеет право на единое пособие? Что делать, если в пособии было отказано? На эти и другие вопросы ответил начальник клиентской службы ОСФР по РД в Гумбетовском районе Нурухма Магомедов.**

— Единое пособие — новая выплата, она выплачивается с 1 января 2023 года. Пособие включает в себя 5 выплат. Хочу сказать, что еще в прошлом году, с 1 января 2022 года, наш фонд начал предоставлять отдельные меры поддержки, которые до этого назначали органы социальной защиты населения и Роструд. Речь идет о пособиях, выплатах, компенсациях для 5 категорий россиян. А с этого года от социальной защиты к фонду перешла еще одна выплата — это ежемесячная выплата на первого ребенка до 3 лет, если этот ребенок родился до 1 января 2023 года.

Если пособие уже назначено органами социальной защиты, то мы его выплачиваем с сохранением прежних реквизитов получателей, но с изменением сроков выплаты. Но СФР перечисляет социальные выплаты за предыдущий месяц. Например: за февраль выплата идет в марте, за март — в апреле и так далее.

Если семья, в которой первенец появился на свет до 2023 года, еще не оформляла такую выплату, то обращаться за ней нужно в Социальный фонд. Если же ребенок родился в этом году, то семья уже не может оформить выплату от 0 до 3 лет, поскольку с 1 января 2023 года введено единое пособие и эта выплата вошла в него. То есть, нужно оформлять единое пособие. Официально оно называется «Ежемесячное пособие в связи с рождением и воспитанием ребенка».

**— Стоит ли подавать заявление на единое пособие повторно, если уже был отказ?**

— Заявление на назначение единого пособия семья может подавать неограниченное количество раз. Но новое заявление можно подать только после вынесения решения по ранее поданному заявлению. Если по первому заявлению еще не вынесен отказ, это значит, что оно еще рассматривается. В случае, если причина отказа заключалась в том, что не были представлены недостающие документы, то лучше подготовить их заранее. Если же отказ вынесен из-за превышения доходов или собственность семьи не соответствует установленным критериям, в таком случае повторное заявление лучше подать тогда, когда у семьи будут изменения по доходам или имуществу.

Ещё одна актуальная тема для дагестанцев - материнский семейный капитал. Право на него имеют семьи, в которых, начиная с 2007 года, родился (или был усыновлен) второй, третий и любой последующий ребенок, если до этого право на маткапитал не возникало или не оформлялось.

Семьям, в которых, начиная с 1 января 2020 года, появился первый ребенок, также выдается материнский капитал. Право на него оформляется в виде государственного сертификата. В Дагестане с момента действия программы сертификат выдан почти 370 тысячам семей с детьми. С 15 апреля 2020 года сертификат оформляется проактивно, т.е. беззаявительно, на основании сведений из государственного реестра ЗАГС, в Дагестане сертификаты проактивно оформлены около 60 тысяч семьям

**— Как обстоят дела с внедрением сервисов в СФР?**

Более 40 видов услуг социального фонда дагестанцы получают в электронном виде. По итогам объединения фонда социального страхования и пенсионного фонда России, в Дагестанском Отделении на работу в электронном виде перешло порядка 100 сервисов. Сегодня сотрудники Социального фонда постепенно переходят на единую электронную платформу. Единые базы и формы отчетности в электронном виде уже созданы. Более того, 89% граждан сегодня подают заявление на оказание услуг в электронном виде.

После объединения фондов в проактивном виде фонд начал присваивать СНИЛС новорожденным детям, а также назначать пенсию по инвалидности. Объединение фондов и образование отделения Фонда пенсионного и социального страхования на обслуживании жителей региона не отразилось. Назначение, выплата и доставка пенсий, социальных пособий, оплата больничных, получение технических средств реабилитации, прием граждан, оказание других государственных услуг осуществляется без изменений, в обычном режиме. Это следствие огромной работы - кадровой, юридической, технологической, организационной, методической - которую провели обе структуры. Как и раньше, пенсионеры, семьи с детьми, инвалиды могут обращаться туда, куда им удобно – в электронном виде через Единый портал госуслуг или сайт Социального фонда России, лично в ближайший офис Социального фонда или МФЦС полным перечнем аккредитованных НПФ можно ознакомиться по QR-коду.

Ещё одна актуальная тема, находящаяся в компетенции Социального фонда России – это электронные сертификаты. Руководитель Клиентской службы в Гумбетовском районе пояснил, что это относительно новый способ обеспечения инвалидов техническими средствами реабилитации. Сервис стал популярным среди получателей услуг, прежде всего, из-за удобства пользования, сокращения времени обеспечения и возможности выбора изделия. Теперь инвалиды сами могут решать, какую модель ТСР приобретать. Основное условие при выборе – изделие должно соответствовать рекомендациям в индивидуальной программе реабилитации или реабилитации инвалида. Основным условием для оформления электронного сертификата является наличие карты национальной платежной системы МИР. Консультацию по любым вопросам, входящим в компетенцию Отделения Социального фонда по РД, можно получить по телефону «горячей линии» Отделения СФР по РД: 8 800 200 03 39, а также на площадках в ВКонтакте и Одноклассниках. Номер Общероссийского единого контакт-центра по социальным вопросам: 8-800-1-00000-1.

**РИО «Гумбет»**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Асият ХIасанхIажиева: «Бергьенлъигун тIадруссаги нилъер бахIарзал»

## СВОялъул гIахьалчагIазул улбузда Рамазан моцI баркана

Дагъистаналъул Муфтияталъул Бакълъулазул мухъалда бугеб руччабазе лъайкьеялъул идараялъул хIалтIухъабаз ва гурхIелрахIмуялъул «Инсан» фондалъул вакилзабаз «ЛъикI щвараб, Рамазан» абураб акция тIобитIана. Муниципалитеталда бугеб ДРялъул Муфтияталъул руччабазе лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулей Асият ХIасанхIажиевалъ хирияб Рамазан моцI байбихьи баркана спецоперациялъул гIахьалчагIазул улбузда ва хъизамазда.

ХIасанхIажиевалъул рагIабазда рекъон, бусурманчияс хIаракат бахъизе ккола диналъул вацазул ва яцазул ракIал рохизаризе. «Баркула районцоязда тIаде щвараб Рамазан моцI! Аллагьас гIибадат бигьа гьабеги, щулияб сахлъигун халатаб гIумру кьеги, квешалдаса цIунун таги. «ЛъикI щвараб, Рамазан» абураб акция тIобитIулаго, ниж щвана спецоперациялъул рагъухъабазул улбухъе. Бергьенлъигун тIадруссаги нилъер бахIарзал»,– ян абуна Асият ХIасанхIажиевалъ.




Килалъ росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабаз кумек гьабуна СВОялъул гIахьалчи, гвардиялъул гьитIинав сержант ХIажимухIамад Шапиевасул эбел Сакинат СалахIудиновалъе. Школалъул директор СагIидбег ГIузаировас ва мугIалимзабаз гьелъие кьуна ханждал хъапги. Сакинат СалахIудиновалъ ракIракIалъулаб баркала загьир гьабуна мугIалимзабазе лъикIаб бербалагьиялъухъ.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ЦIиликьа АхIмад МухIамадов ракIалде щвезавуна

## ЧIорбутI речIчIиялъул ва теннис хIаялъул турнир тIобитIана

**Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав, гьитIинав сержант, ЦIиликь росулъа АхIмад МухIамадов ракIалдещвеялъул чIорбутI речIчIиялъул ва теннис хIаялъул турнир тIобитIана араб анкьалъ бакълъулаз.**

ХIурматиял гьалбаллъун тадбиралда рукIана АхIмад МухIамадовасул вац, СВОялъул гIахьалчи ХIамзат МухIамадов,







имгIал МухтарахIмад ГIалиев, инсул вацгIал МухIамад МухIамадхIажиев ва цогидал. АхIмад МухIамадовас рухI кьуна, ВатIана цIунулаго. Нахъе хутIана кIиго лъимер.

РакIалдещвеялъул турниралда чIорбутI речIчIиялъе тIоцебесеб бакI щвана ГIалисултан ГIалиевасе, кIиабилеб бакI босана Шамил Юсуповас, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ГIузайри ХъарахIмаев.

Теннис хIаялъе меседилаб медаль щвана Зайирбег Исламовасе, гIарцулаб – МухIамад МухIамадхIажиевасе, мазгарулаб – КъурамухIамад Исламхановасе. Бергьаразе ва призовиял бакIал ккуразе грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал кьуна.

Турнир жигарго гIуцIана ЦIияб ЦIиликь росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев АхIмад Гъойтимировас ва гIолилазул вакил Хайрудин Хабировас.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# О необходимости замены паспортов гражданина СССР

**Миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району информирует, что с учетом ограничения срока действия норм Главы VIII Федерального закона от 31 мая 2002 года № 62-ФЗ «О гражданстве Российской Федерации» (до 01.01.2025 г.), и в целях реализации Федерального закона от 24 февраля 2021 г. № 22-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О правовом положении иностранных граждан в Российской федерации» и отдельных законодательных актов Российской Федерации в части урегулирования правового статуса лиц без гражданства, находящихся на территории обслуживания Гумбетовского района без документов, удостоверяющих личность, и у которых отсутствует государство, готовое их принять:**

- граждане бывшего СССР, не приобретших гражданство РФ в установленном порядке, и их дети, если указанные лица не имеют гражданства иностранного государства и действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве;
- граждане бывшего СССР, получившие паспорт гражданина РФ до 01.07.2002 г., у которых впоследствии, полномочным органом не было определено наличие гражданства РФ.

Вышеуказанной категории лиц, проживающим на территории Гумбетовского района с неурегулированным правовым статусом, имевших гражданство бывшего СССР, прибывших в Российскую Федерацию для проживания до 1 ноября 2002 года, не приобретших гражданства Российской Федерации, у которых имеется паспорт гражданина СССР, образца 1974 года, либо свидетельство о рождении, необходимо обратиться в Отделение по вопросам миграции ОМВД России по Гумбетовскому району расположенный по адресу: РД, Гумбетовский район с. Мехельта ул. Центральная 104, для урегулирования правового статуса на территории Российской Федерации.

**М. А. Магомедов,
начальник ОМВД России
по Гумбетовскому району,
полковник полиции**

# В Гумбете проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту

**Вооруженные Силы Российской Федерации проводят отбор граждан из запаса для похождения военной службы по контракту. К кандидатам предъявляются требования: возраст от 19 до 60 лет, годные к военной службе и физически развитые, несудимые. Рассматривается кандидатура раннее уволенных граждан по несоблюдению условий контракта, а также лиц, проходивших службу по контракту. Имеется возможность заключить краткосрочный контракт (на выбор гражданина 6 или 12 месяцев).**

Предоставляется полный социальный пакет, денежное довольствие повышенное. В данный момент осуществляется отбор на военную службу по контракту в приоритетные воинские части Южного военного округа.

Ежедневно с 9:00 утра по местному времени осуществляем прием граждан для заключения контракта на военную службу. При себе необходимо иметь:

1. фотографии 9*12 (1 шт.), 3*4 (4 шт., черно-белые на матовой бумаге);
2. характеристика (школы, главы села, участкового) на выбор;
3. трудовая книжка (при наличии);
4. копия свидетельства о рождении кандидата (при наличии);
5. копии свидетельств о браке, рождении детей (при наличии);
6. копия документов об образовании (все страницы);
7. копия паспорта (лицо и прописка);
8. копия военного билета (все страницы);
9. копии ИНН, СНИЛС;
10. Реквизиты карты «МИР» (любой банк).

По всем вопросам обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов. Телефон для справок: (8 279) 2-13-02.

**Арсен Магомедов,
военный комиссар
Казбековского и
Гумбетовского районов**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.